



Health

Gotham Center
42-09 28th St., CN-65
Queens, NY 11101-4132

NEW YORK CITY DEPARTMENT OF HEALTH AND MENTAL HYGIENE

Dave A. Chokshi, MD, MSc
Commissioner

Rezidan Vil New York
{Address 1}, {Address 2}
{City}, {State} {Zip}

{Date}

Chè Rezidan Vil New York:

Nou ekri ou pou nou mande èd ou nan kad Sondaj sou Sante Kominote Vil New York la, ke Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene) esponsòriz a. Depi 2002, sondaj enpòtan sa te pèmèt rezidan Vil New York yo fè vwa yo pase konsènan sa ki gen rapò ak amelyorasyon sante vil yo a. Yo itilize rezilta sondaj la pou devlope pwogram yo, kreye katye ki pi an sante, pèmèt plis moun jwenn swen ak ede vil la reyaji parapò ak ijans sante piblik COVID-19 la pi byen. **Kòm mwayen remèsiman pou patisipasyon w nan sondaj la, patisipan yo ap resevwa yon kat kado Visa \$25 swa pa lapòs oswa defason elektwonik.**



Se yon founisè ki gen kontra kap fè sondaj la, Abt Associates, e wap kapab konplete l sou prèske tout kalite aparèy ki gen yon navigatè entènèt paregzanp yon òdinatè biwo, laptop, tablèt oswa telefòn entèlijan. Pou konplete sondaj la ou ka sèlman swiv yon seri ti etap byen fasil!.

ETAP 1 Idantifye kiyès ki ta dwe konplete sondaj la

Kay ou a te youn pami plizyè kay nan Vil New York ke yo te chwazi pou patisipe nan sondaj sa a. **Pou nou asire nou ke nou pran enfòmasyon nan men tout kalite rezidan New York, nou dwe chwazi owaza yon adilt (laj 18 lane oswa plis) ki pou patisipe nan sondaj la. Tanpri, mande adilt ki nan kay ou a ki pral selebre pwochen anivèsè nesans li (sètadi, moun ki pral gen pwochen fèt nesans kap vini an) pou patisipe nan sondaj la.** Si w pa adilt nan kay la ki pral gen pwochen anivèsè nesans lan, tanpri pataje lèt sa a avèk li epi mande l pou l konplete sondaj la pandan lap swiv enstriksyon ki nan ETAP 2.

ETAP 2 Patisipe nan sondaj sou sitwèb nou an disi {date}

- Ale sou chs.abtsites.com epi konekte w sou sondaj la pandan wap itilize Idantifikasyon Itilizatè prive sa a: {FILL ID}
- Antre sou sondaj la pandan wap eskane kòd QR la avèk kamera telefòn entèlijan w lan oswa yon aplikasyon pou eskane QR;
- Oswa voye mesaj tèks **CHS** nan **54814** pou resevwa yon lyen pou sondaj la apatide telefòn entèlijan w lan. (Tarif estanda pou mesaj ak done yo ka aplike)

OSWA Ou kapab patisipe nan sondaj la pa telefòn oswa sou papyè tou

ETAP 3 Si w pa gen aksè pou koneksyon entènèt, oswa si w vle konplete sondaj la sou papyè oswa pa telefòn, tanpri rele liy gratis nou an nan **833-574-3096**.

Sondaj la volontè, prive, e lap pran apeprè 25 minit sèlman. **Pou jwenn plis enfòmasyon sou sondaj la, tanpri li fèy enfòmasyon ki atache nan dokiman an oswa ale sou www.nyc.gov/health/nycsurveys.**

Depatman Sante NYC a gen objektif pou l pwoteje e defann sante tout Abitan Vil New York yo. Repons ou bay nan sondaj sa a pral ede nou atenn objektif sa a. Mèsi pou èd ou ban nou!

Sensèman,

Dave A. Chokshi, MD, MSc
Komisè
Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York

